


NETWAYAJ INONDASYON: KONSÈY POU YON KAY KI SAN DANJE



Dlo Inondasyon Ka Rann Lè ki nan Kay Ou An Malsen



Dlo inondasyon ka pote dlo egou ak lòt sibstans ki nwizib. Aprè yon inondasyon, dlo ki rete ak materyèl ki mouye yo ka vin yon teren ki fètèl pou viris, bakteri ak mwazi.




Timoun, moun ansent, ak moun ki genyen sistèm iminitè ki afebli oswa pwoblèm respiratwa kwonik tankou opresyon yo pa ta dwe patisipe nan netwayaj inondasyon.



Fè atansyon ak risk pou elektwokisyon. Pa touche ekipman elektrik si li mouye oswa si ou kanpe nan dlo. Si li san danje pou fè sa, fèmen elektrisite a pou anpeche chòk elektrik.



Itilize dèlko pòtab yo an tout sekirite. Si genyen pàn kouran, ou ka itilize yon dèlko pòtab pou kouran tanporè. Itilize dèlko yo sèlman deyò epi omwen 20 pye lwen batiman yo.



Mete ekipman pwoteksyon pèsònèl lè w ap netwaye:



Linèt Pwoteksyon

Respiratè N-95

Manch long

Gan pwoteksyon


Pantalon long

Bòt oswa soulye travay

Netwaye epi seche lakay ou ak tout bagay ki ladan nan lespas 24 jiska 48 èdtan, si ou kapab.



Netwaye sifans ki di yo avèk detèjan ak dlo. **Pa melanje pwodwi netwayaj yo ansanm oswa pa ajoute yo nan lòt pwodwi chimik.** Jete tout bagay ki pa ka netwaye epi seche.



Pandan w ap netwaye, vantile epi seche lakay ou an pandan w ap itilize vantilatè ak dezimidifikatè epi pandan w ap louvri pòt ak fenèt yo, si posib. Si ou deja remake mwazi, pa itilize vantilatè paske vantilatè yo kapab pwopaje mwazi a.



Travay sa a kapab twò difisil oswa danjre pou ou. Li kapab pi bon pou chèche èd nan men pwofesyonèl ki genyen eksperyans epi ki kalifye, si ou kapab.



Eskane kòd QR sa a avèk kamera telefòn entelijan ou an, oswa vizite lyen sa a pou jwenn plis enfòmasyon:
www.epa.gov/indoor-air-quality-iaq/resources-flood-cleanup-and-indoor-air-quality